5 Қф
Б-64

**БЕРДАҚ**

# ҚУЛЕН БОЛЫС



5Қар
Б-64

БЕРДАҚ

# ҚУЛЕН БОЛЫС

*(Шайырдың қосығы ҳәм Қулен болыс ҳаққында тарийхый мағлыўматлар)*

МАЖБУРИЙ НУСХА

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI
ILIMLER AKADEMIYASI
QARAQALPAQSTAN BÓLIMI
FUNDAMENTAL KITAPXANA
INV № 188483

НӨКИС
«БИЛИМ»
2021

УОК 821. 512. 121
КБК 5 Қар
Б-64

**Бердақ.**

**Қулен болыс** [Текст]: Қосықлар. – Нөкис: Билим, 2021. – 32 б.

Бердақтың «Қулен болыс» қосығы ең соңғы мәрте елиўинши жыллардағы таңламалы шығармаларында басылған. Соң социализм жәмийетиниң сиясатына қайшы келетуғын идеология сыпатында соңғы басылымлардан алып тасланған.

Шайырдың «Қулен болыс» қосығы үлкен көтериңкилик пенен жазылған. Соның менен бирге XIX әсирдиң аяғындағы тарийхый ўақыяларды өз ишине алады.

Биз Кулен болыс ҳаққында бизге дейин жетип келген ҳәр қыйлы дәреклерди жәмлестире отырып, бул қосықты оқыўшылар дыққатына усынғанды мақул көрдик.

***Қосық Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң архивинен алынды.***

**Баспаға таярлаған: М. Нызанов**

ISBN 978-9943-4464-6-5

© Бердақ, 2021.
© «Билим» баспасы, 2021.

# ҚУЛЕН БОЛЫС ҲӘМ ОНЫҢ ҮРИМ-ПУТАҚЛАРЫ

Қулен болыстың әкеси Қудайсүгир қарақалпақтың қәндекли руўынан, анасы қолдаўлы руўынан болған. Олар бир атадан үш ул болып туўылады. Қуленниң туўылған жылы 1838-жылы, ал туўылған жери Қараөзек районының «Қуралпа» хожалығының аймағына туўра келеди. Олар тийкарынан Дәўқара әтирапында жасаған.

Аңыз-әңгимелерге қарағанда қандеклилерди хан тұқымынан деп те атаған. Бул аңыз Бердақтың «Қулен болыс» қосығында кең ҳәм анық тәрийипленген. Онда айтылыўынша Хийўаның ханы Элбарыс ханның қызы оң жақта отырып ҳәмиледар болады. Қыз жасырын түрде жас босанып, баланы суўсыз қандекке таслап кетеди. Оны сақшылар таўып алып ханға әкелип береди. Хан баланы ўәзири Ақәдилге саўға етеди. Буны Бердақ:

Билген адам «хантекли» дер,
Қамқа тоннан жөргекли дер,
Билмегенлер «қандекли» дер,
Екеўи де жалған емес,

– деп тәрийиплейди. Ҳақыйқатында оның «хантекли» болыўы да, «қандекли» болыўы да шынлықтан жырақ емес.

Қулен өзи теңлес болыслардың ишиндеги ең бай-дәўлетлиси болған. Бирақ, бул байлық атадан мийрас қалған емес. Қуленниң әкеси Қудайсүгир ол 7–8 жасына

шыққанда қайтыс болып, анасы үш бала менен жесир қалады. Жас Қулен балалардың ең үлкени болғанлықтан жети-сегиз жасларынан байлардың қозы-ылақларын бағып, хожалықты асыраўда анасына жәрдемши болады. Анасы болса, кимниң келисин түйип, кимниң дигирманын тартып, өлмес аўқат пенен күн көреди. Сөйтип жүргенде балаларының биреўи қайтыс болады.

Тәғдирдиң қаталлығына төзим бере алмаған ана балаларының дайы журтына, төркинин паналап келеди. Қуленниң дайы журты «Еркиндәрья»ның аяғы, Порлытаўдың етегинде еди.

Қулен жаслайынан шаққан болып ҳәм оны жетимлик ерте ержеттирип, ол теңиз жағасындағы балықшы Ураллы орыслар ҳәм татарлар менен танысып алады. Олардың шоланында жумыс ислеп, қәрежет табады. Соның менен бирге дәрьяның жағасына басыўға қаўынқәмек егип, писик ўақтында балықшы орысларға сатады, балыққа алмастырады. Басыў дегенимиз – ол жыллары дәрьяда суў мол болып, еки жағаны суў басып турған. Ҳәр жылы бул аўҳал тәкирарланып турғанлықтан, жағадағы жерлер қанып ҳәм туқым сағынып жатқан. Қулен әне сол жерлерди егисликке айландырып жаңағы айтқандай қаўын-қәмек ҳәм арпа-бийдай сыяқлы дәнли егинлер егип алған. Мийнетте берекет бар. Келе-келе ол дийқаншылықтан алған пайдасына балықшылардан балық сатып алып, оны сақлаў, дузлаў, ыслаў ушын кишигирим шолан дүзеткен. Шоланға өзине жақын адамларды хызметке алған. Сондай-ақ, дийқаншылыққа да жәрдемшилер жаллап, кем-кем қурғын хожалыққа айлана баслайды.

Орыс балықшылар ҳәм татарлар менен танысып тил үйренген Қулен соң-соң Россияға барып саўдагершилик ислейди. Усындай сапарларының биринде Казань қаласына жақын аўыллардың биринде Мажит деген татар менен танысады.

Қулен өзиниң усындай шөлкемлестириўшилик уқыбы, исбилерменлиги нәтийжесинде Әмиўдәрья бөлиминде болып атырған болыслық сайлаўлардың биринде болыс болып сайланады. Сайланғаннан кейин 1880-жылы баяғы татар елиндеги Мажитти қасына шақырып алады. Мажит бул жаққа шаңарағы менен көшип келеди. Қулен болыс Мажиттиң қарындасына үйленеди. Баласы Сейфулғәбитти болса, өзине башир (*писарь*) етип алады. Бириншн қарақалпақ әлипбесин дөреткен, «Егеделер саўаты» атлы дәслепки сабақлық китаптың авторы Сейфулғәбит Мажитов мине, усылай Қулен болыс себепли елимизге келип, көп жыл ағартыўшылық жумысы менен шуғылланған ҳәм шайыр, драматург болған.

Қулен болыс дийқаншылыққа, бағманшылыққа қатты кеўил бөлген. Оның бир неше мың танап жери болып, онда түрли-түрли мийўелер ҳәм саяманлы дарақлар көп болған. Қуленниң бағ-дәўлетин жай сөз бенен жеткерип бериў қыйын. Бердақтың «Қулен болыс» атлы поэма теклес тәрийип қосығын усынамыз. Оны оқып танысқаныңыз мақулырақ болады.

Қулен болыс жүдә халыққа жағдайлы, ҳеш кимге жөнсиз азап бермейтуғын адамгершиликли инсан болады. Әсиресе, оның сақыйлығы дуйым-журтқа таралып кетеди. Оның ҳәўлисинде бәрқулла шүлен қазан асыўлы болып, оннан аш-кәмбағал адамлар келип ишип, тамағын тойдырған.

Деген менен Қулен де инсан баласы. Қатарына бир неше мәрте болыс болып сайланғаннан кейин көкирек өсип, бара-бара әпиўайы халықты писент етпей кеткен болыўы да мүмкин. 1899-жылы Таллық болыслығына Шымбай уездиниң баслығы Корнилов пенен болған ушырасыўда халық оннан 1896-жылғы болыс сайлаўын бийкар етип, Қуленди болыслықтан босатыўды талап етеди. Корнилов буған көнбейди.

Кейнинде бул наразылық ашық көтерилиске айланады. Әмиўдәрья бөлиминиң начальниги Галкин 1899-жылы 28-мартта тәртип орнатыў ушын Таллық болыслығына келеди ҳәм көтерилиске белсене қатнасқан он тоғыз адамды тутқынға алып, Петро-Александровск қаласына түрмеге жибереди. Олар бес ай қамақта жатқаннан кейин халықтың талап етиўи бойынша 1899-жыл 25-сентябрьде азат етиледи. Қулен болыс болыслықтан, Шымбай уездиниң баслығы Корнилов өз ўазыйпасынан азат етиледи. Омар шайырдың «Он тоғыз» поэмасы усы ўақыяларға арналған.

Бул дәреклер әдебиятшы алым Қырқбай Байниязовтың «Еркин Қарақалпақстан» газетасында жәрияланған «Тағы да Бердақтың «Қулен болыс» поэмасы ҳаққында деген мақаласының қол жазбасынан алынды. Онда жаңағы тарийхый дәреклерди автор тарийхшы алым Р. Қосбергеновтың 1972-жылы шыққан «Қарақалпақстанның Россияға қосылыўы», Ж. Үббиниязовтың усы жылы шыққан «Қарақалпақстан ХХ әсир басында» деген китапларына силтеме береди.

Улыўма алғанда гейпара тарийхый шәлкес-шалыслықларды айтпағанда Қулен болыс қарақалпақтағы ең бай-дәўлетли, исбилермен ҳәм көп мәртебе болыс болып сайланған тарийхый тулға болып есапланады. Ол 1910-жылы 72 жасында қайтыс болады.

Қуленниң Қәлийла, Бабаназар, Ибрайым атлы үш улы ҳәм үш қызы болған. Қуленниң баласы Бабаназардан Әмет, Әметтен Рейипназар, ал, бир қызынан атақлы алым Нәжим Дәўқараев туўылады.

Демек, Нәжим Дәўқараев Қулен болыстың қыздан туўылған ақлығы болып табылады. Нәжимниң ҳаслы аты Нәжиматдийин, әкесиниң аты Саатдин, атасының аты Алламберген болған. Отызыншы жыллардағы репрессия дәўиринде Алламберген бай хатланады. Сонлықтан ол балаларының, ақлықларының фамилияларын өзгертиўге мәжбүр болады.

Алламберген ҳаслында Қоңыраттағы ири байлардың биринен есапланған. Оның пахта заводы, терини қайта ислейтуғын цехы, мыңлаған танап жери болған. Усы заводтан, цехтан, жерден өнген өнимлерди Россия базарларына апарып сатыў менен де шуғылланған. Усындай саўдагершиликте жүрип ол, Уфа қаласына жақын аўыллардың биринде Меңсулыў атлы башқурт қызы менен кеўил табысады ҳәм соған үйленеди.

Алламбергенниң Қулен болыс пенен қандай байланысы бар? Әлбетте, қарақалпақта Россияға барып саўда ислейтуғын саўдагерлер көп болмаған. Сондайда бәлким, бирге жолдас болған шығар. Қала берди, бири татар қызына, бири башқурт қызына үйленгенликтен оларды миллет дәрежесиндеги «бажа» десе де болады.

Халқымызда «бай менен бай қуда болса, араларында жорға жүреди» деген нақыл бар. Сол айтқандай, еки бай заманлас, зәңгилес, олардың бир-бири менен қудамдалы болыўы тәбийғый ҳал.

Олардың қудалығы Алламберген байдың урим-путақлары арқалы Қулен болыс ҳаққында қосымша мағлыўмат табыўымызға себеп болды. 8-беттеги сүўретти биз Алламберген байдың ақлығы Тәжетдинов Рахметтиң үй архивинен алдық.

–Бул кемпирлерди мен көрдим,–дейди Рахмет ағаның зайыбы Тамара Өтәмбетова. –Сол тәрептеги ең шеттеги кемпир бай атамыздың келинлеринен бири. Оның ҳеш кими қалмады. 105 ке шығып қайтыс болды. Биз қолымыздан шығардық.

Мениң қәйинатам, яғный Рахметтиң әкеси Нәжим Дәўқараевтың әжағасы болып есапланады. Рахмет көп жылларға дейин бай атамыздың фамилиясында келди. Соң барып өз әкесин фамилия етип алды. Оның да аты тарийхта қалыў керек ғой ақыры!



***Сүўретте: (оңнан солға қарай) Қулен болыстың қызы Улхан, қәйин енеси Меңсулыў ҳәм абысыны Ферида.***

Қулен болыстың шаўлығы Рейипназар Бабаназаров көп жыл Қарақалпақстан Республикасы денсаўлықты сақлаў министри, Нөкис қалалық партия комитетиниң биринши хаткери лаўазымларында хызмет еткен үлкен жәмийетлик ғайраткер болды.

Оның үш улы бар – Дамир, Тайыр ҳәм Зайыр. Дамир Бабаназаров 2001-жылы қайтыс болды. Ортаншы улы Тайыр Нөкисте, кишкене улы Зайыр Казань қаласында жасайды.

***Баспа сөз материаллары ҳәм аўызеки мағлыўматлар бойынша баспаға таярлаған:***

**М. НЫЗАНОВ.**

# БЕРДАҚ

## ҚУЛЕН БОЛЫС

### *I*

Жетти ықлым жердиң жүзи,
Журт бийҳисап болған емес,
Қаҳаны Шындур түр-түси,
Адам аны билген емес.

Әўўел Жамаладдин өлди,
Наҳақтан қаны төгилди,
Хорезм бәддуўа болды,
Пирдиң қәдирин билген емес.

Шайхы-Кубра дуўа қылды,
Дин Хорезм ўайран болды.
Шыңғыс келиб журтты алды,
Алмай шәҳәр қалған емес.

Аллаҳума тәўсиф келди,
Себеп йетти ҳажып өлди,
Йетти ҳажып шаҳид болды,
Бундай шаҳид болған емес.

Шыңғыс келип журтты алды,
Журт ҳалын билди, ел болды,

Хийўа билен Ҳаңқа қалды,
Орнынан қозғалған емес.

Нешше жыл өтти арадан,
Ҳәр ис болса бир Қудадан,
Андын соң шәҳри Хийўадан,
Бийликти ҳешким алған емес.

Нағадай бий – журт ағасы,
Жүмлә қоңырат бабасы,
Отыз уғылның атасы,
Бириси кәм болған емес.

Нағадай уғлы Қарабек,
Қарабек уғлы Жәнибек,
Жәнибек уғлы Айдар, Әлибек,
Буны ҳешким көрген емес.

Әжәл жетип Айдар өлди,
Екки уғлы жетим қалды,
Төртеўи еншилес болды,
Басқа талап қылған емес.

Төртеўинен зүрият қалды,
Шежиреде жазған хат қалды,
Айдар, Әлибек деп ат алды,
Буны ҳешким билген емес.

Дүнья бийҳәд ҳәдден асты,
Төртеўи енши алысты,
Малларына тамға басты,
Бийдәрек мал қалған емес.

Қолға басқан қолдаўлы,
Санға басқан сандаўлы,
Жуплап басқан қоштамғалы,
Тамғасы тақ болған емес.

Нағадайдың туңғыш уғлы,
Ерликте мысал Гөруғлы,
Қарамойын шуннан болды,
Бай болды, аш болған емес.

Гөнеден кетти дәўлет-бақ,
Хийўада болды пайтақ,
Әдийна аталық, инақ,
Инақлар хан болған емес.

Бул көңлимде көпдур әрман,
Алла болғай дәртке дәрман,
Бундан соң болды Елбарыс хан,
Басқа ханы болған емес.

Елбарыс сүрди патшалық,
Патшалықты берди халық,
Ўәзири Ағәдил аталық,
Басқа ўәзир болған емес.

Ығбал ҳәм дәўлет шақтында,
Патшалық алтын тахтында,
Хан ҳәм ўәзирниң ўақтында,
Душман йығлап, күлген емес.

Елбарыс хан әдил өзи,
Қабыл Ағәдилдиң сөзи,
Жүкли болды ханның қызы,
Басқа адам билген емес.

Қыз бийшара қапа болды,
Күни жәбириў-жапа болды,
Бәрҳа қайғы ўафа болды,
Бир күн күлип жүрген емес.

Жүралмады бир күн күлип,
Қалмадылар ҳешким билип,
Туўар болды айы толып,
Адамзаттан билген емес.

Толғақ келди бул нашарға,
Диңке жоқ аяқ басарға,
Ҳешбир саңлақ жоқ қашарға,
Бойда қуўат қалған емес.

Толғақ тутты, диңке кетти,
Түрли-түрли қыял етти,
Қыз туўар ҳалатқа жетти,
Басқа илаж тапқан емес.

Барды да бир тамға кирди,
Бир Аллаға еңирей берди,
Ҳақтың салған исин көрди,
Жақынлап тур, туўған емес.

Бул нашарға қуда берди,
Бир тер билен жүзин жуўды,
Порсықтай аппақ ул туўды,
Толғақ қыйын болған емес.

Көз жарып, көңлин хошлады,
Баладан белин бошлады,
Апарыб қәндекке ташлады,
Бала тири, өлген емес.

Қыздың қараң данасына,
Буйири бурып баласына,
Орап гөне қамқасына,
Басқаға ораған емес.

Сақшылар гезип жүреди,
Қәндекте баланы көреди,
Апарып ханға береди,
Буны ҳешким билген емес.

Қайғысы жоқ мәс бала,
Кеўли хош, өзи мәс ғана,
Қып-қызыл шақа жас бала,
Жыласа да, күлген емес.

Биразлар айтар – периште,
Көргенлер айтар әресте,
Қып-қызыл шақа нәресте,
Арадан күн өткен емес.

Бул бала емес бийдәрек,
Ақ сүт пенен жуўса керек,
Жаңа ғана туўса керек,
Ләблери де кепкен емес.

Көзин ашып жумбай жатқан,
Кирпигине қанлар қатқан,
Жай шығады ярым батпан,
Ҳешўақ бойға питкен емес.

Қолда барын берсем деди,
Еситкенлер көрсем деди,
Көрмей әрман өлсем деди,
Рет күтип турған емес.

Ағәдил ханға арыз етти,
Ҳәрне барын харыж етти,
Айтып сөзини парыз етти,
Гәпи жерде қалған емес.

Хан ҳәзирет инам қылды,
Ағәдил баланы алды,
Ағәдилдиң улы болды,
Басқа адам билген емес.

Аттан айғыр, атан сойды,
Халқын жыйнап берди тойды,
«Қәндекли» деп атын қойды,
Басқаша ат қойған емес.

Билген адам «хан текли» дер,
«Қамқа тоннан жөргекли» дер,
Билмегенләр «қәндекли» дер,
Екеўи де жалған емес.

Бала он үш жасқа жетти,
Ағәдилдиң жолын етти,
Көрген адам тәслим етти,
Бундай жигит болған емес.

Қырмызы қамқа кийдирди,
Арғымақтан ат миндирди,
Ҳасыл жерден үйлендирди,
Бийҳасылдан алған емес.

Бул қыз билен дәўран сүрди,
Нешше айлар бирге жүрди,
Бирге жатып, бирге турды,
Ай толды, жыл толған емес.

Әлғәрәз, арадан жыл өтти,
Ўақыт шаўып өтип кетти,
Бул қызға ҳәмиле питти,
Уғлын, қызын билген емес.

Күни питти, қыз ул туўды,
Туўып, мәҳкәм белин буўды,
Суў орнына сүтке жуўды,
Изи ада болған емес.

Ағәдилдән беш уғыл бар,
Бири-биринен тәмизкәр,
Қәндеклиси болды сәрдар,
Төрти андай болған емес.

Бириниң аты Толыбай,
Екиншиси Жақсыбай,
Маянбай билән Қоянбай,
Башқа атны қойған емес.

Қәндеклиден үш ул туўды,
Атасының жолын қуўды,
Әрўана сүтине жуўды,
Дос-душпаны болған емес.

Лағлы-зумрат, гәўҳар, полат,
Қырқ садақ – ол қуйрық-қанат,
Оннан соң болды Тоқполат,
Бундай батыр болған емес.

Бәршени жаратқан қудай,
Нешше күн өтти, нешше ай,
Тоқполат, Қалжан, Қалыбай,
Булардай ер болған емес.

Алла туғры нәзер салды,
Булардан соң Қулен болды,
Ақыл-ғайратлы жан болды,
Бийғайраттан болған емес.

Қулен аш болды, тоқ болды,
Гәҳи бар, гәҳи жоқ болды,
Ақыры дәўлет-бақ қонды,
Ҳеш ўақыт қор болған емес.

Бийпәҳимлер ағзын жаппас,
Бийақыллар арға шаппас,
Ер қыйналмай дүнья таппас,
Малдың өзи келген емес.

Бир кемликтиң кәмалы бар,
Менменликтиң заўалы бар,
Ҳәр бендениң бир ҳалы бар,
Адам бирдей болған емес.

Қытай-қыпшақ, маңғытта,
Орнады дәўлет-бахыт та,
Кемтарлықтан ҳеш ўақытта,
Ес-ақылын жойған емес.

Бейпил дүнья, алтын-гүмис,
Алты ай жас, алты ай қыс,
Жарлылық деген қыйын ис,
Буған дуўшар болған емес.

Астында ойнап дүлдүли,
Бағында сайрап бүлбүли,
Алты ай жаз жайнап гүли,
Қысында да солған емес.

Суңқар жаралмыш уяда,
Дәўлети болды зияда,
Кимлер атлы, ким пияда,
Хызметинен қалған емес.

## II

Бул сөзиме қулағың сал,
Ақлың болса, Қулен болыс,
Сөз мәнисин абайлап қал,
Зейниң болса, Қулен болыс.

Түсинерсең, болса зейниң,
Түсинип алған соң, мейлиң,
Биз билен келмесин ойның,
Хабардар бол, Қулен болыс.

Бердимураттан бол хабардар,
Шайырлық бир ҳөнерим бар,
Қуда берип, болдың сәрдар,
Дәўлетиң мол, Қулен болыс.

Мийнет етип бир жай салдың,
Нешше күн, нешше ай салдың,
Падша киби сарай салдың,
Кейни болғай, Қулен болыс.

Ақырын Алла оңлағай,
Соңы пушайман болмағай,
Орныңды душман алмағай,
Қуда бергей, Қулен болыс.

Ҳақ кеўилли нийетиңниң,
Жайға қылған зийнетиңниң,

OZBEKSTAN RESPUBLIKASI
ILIMLER AKADEMIYASI
QARAQALPAQSTAN BÓLIMI
FUNDAMENTAL KITAPXANA
INV № 188483

Ийгиликли мийнетиңниң,
Кейни болғай, Қулен болыс.

Жайды пиштиң жерди қалап,
Күнликшилер етти талап,
Ҳақын бердиң ақша санап,
Әдил болдың, Қулен болыс.

Қырқ садақлы Тоқполаттан,
Қол үзбедиң ҳасыл заттан,
Ҳәр күнине бир манаттан,
Кем бермедиң, Қулен болыс.

Турдың басында талтайып,
Жәнибек хандай шалқайып,
Күнликши қарны қампайып,
Тойып жүрди, Қулен болыс.

Там тырнағы мәрўерт тастан,
Жарма есик бар ағаштан,
Ғуббасы алтын, гүмистен,
Тәсийин саған, Қулен болыс.

Әл-ҳәўада дәрежеңиз,
Таң қаларлық режеңиз,
Қырық сегиз қабат өжиреңиз,
Бул не деген, Қулен болыс.

Инанбасаң, өзиң сана,
Күнде келер ешки, тана,
Сегиз қабат сейисхана,
Рәҳмет сизге, Қулен болыс.

Инанбасаң, өзиң сана,
Күнде келер серке, тана,
Он төрт қабат ғәллехана,
Несип етсин, Қулен болыс.

Инанбасаң өзиң сана,
Күнде келер қошқар, тана,
Алты қабат мийманхана,
Бәрекелла, Қулен болыс.

Инанбасаң, өзиң сана,
Күнде келер баспақ, тана,
Еки қат дигирманхана,
Сол жайыңда, Қулен болыс.

Инанбасаң, өзиң сана,
Күнде келер қошқар, тана,
Еки қабат жуўазхана,
Булар да бар, Қулен болыс.

Инанбасаң, өзиң сана,
Күнде келер тайлақ, тана,
Еки қабат қаразхана,
Әрманың жоқ, Қулен болыс.

Ҳәр өжиреде он бир ағаш,
Көрген айтар «әне қалас»,
Ишине төсеўли палас,
Қуда берген Қулен болыс.

Ҳешбир жанға келмес нырқың,
Ҳәм сыбаттың иши-сыртын,
Ҳайран қалды ели-журтың,
«Әфәрийн» деп, Қулен болыс.

Сөз мәнисин билмес надан,
Даңқың бәлентдур шадан,
Бул жайыңды көрген адам,
«Әлҳәббиз» дер, Қулен болыс.

Нешше мың түп дарақ ектиң,
Күнликшиге меҳир төктиң,
Ҳайярларын урып-сөктиң,
Қәҳәрлисең, Қулен болыс.

Үйреклерге салып лашын,
Көрдиң түрли тамашасын,
Ектирген түрли ағашың,
Нурланып тур, Қулен болыс.

Дарақларың нурланып тур,
Шамал билән ырғалып тур,
Көргенниң мийри қанып тур,
Бағларыңды, Қулен болыс.

Дастурханда нан-шөрегиң,
Табақта яғлы бөрегиң,
Жети жүз түп ақ терегиң,
Санап көрдим, Қулен болыс.

Қарун байдай жыйған малың,
Ҳешкимнен кем емес ҳалың,
Екки мың түп қараталың,
Өтирик емес, Қулен болыс.

Бул сөзимни бәўар қылың,
Ендигисин өзиң билиң,
Он жети түп торaңғылың,
Минар яңлы, Қулен болыс.

Өтип кетти нешше жанлар,
Сендей емес еди алар,
Бәлент ҳаўалы ақталлар,
Жетпис бир түп, Қулен болыс.

Жасым улғайды, сорамаң,
Кем-кем қартайып бараман,
Не гүжимлер, не қараман,
Сенде көрдим, Қулен болыс.

Бул сөзиме қулақ салың,
Ашылсын бахты-ығбалың,
Тоққыз жүз түп тоғайталың,
Бағыңда бар, Қулен болыс.

Йалған емес ушбуў сөзим,
Араладым, көрди көзим,
Алты жүз түп шабдалы, жүзим,
Нәсийп етсин, Қулен болыс.

Көргениңде меҳриң қанар,
Писте, алма, әнжир, анар,
Үш жүз шийе, бес жүз шынар,
Бағыңда бар, Қулен болыс.

Қәдириңди билмес надан,
Не билсин көрмеген адам,
Қурма-құржы, беҳи-бадам,
Бәршеси бар, Қулен болыс.

Жарылқайгәр мени жаббар,
Бағың бостандур, лалазар,
Мүшки әнбардай ҳийди бар,
Бағларыңның Қулен болыс.

Дүньяның айшы-ишрэти,
Жесең, жаныңның рэҳэти,
Жэннетке мегзер сыпаты,
Бағларыңның, Қулен болыс.

Бағыңда түрли жемис бар,
Буннан ҳэм артық не ис бар,
Зияда сэккиз беҳиш бар,
Нэсип болса, Қулен болыс.

Бирнешшелер мың түп дейди,
Нешшелер мыңнан көп дейди,
Келинбармақ, екпе жийде,
Бағыңда бар, Қулен болыс.

Еринбей аралап жүрип,
Санадым көз билен көрип,
Отыз ғоза, мың түп ерик,
Бағыңдадур, Қулен болыс.

Бердимурат көрип жазар,
Көргенлердиң көзи қызар,
Буннан артық нелер озар,
Бағың бостан, Қулен болыс.

Айта берсем, узақ дэстан,
Жаза берсем қалдырмастан,
Буныңдайын бағы-бостан,
Кимлерде бар, Қулен болыс.

Қас қағып, шарап ишпеге,
Тарақлап белден қыспаға,
Азанлы-кешли түспеге,
Сэрҳэўизиң, Қулен болыс.

Жақын болып қоныс-ирге,
Сизиң менен болсам бирге,
Қазам жетип, усы жерде,
Өлсем қәне, Қулен болыс.

Сырты толып тур егиске,
Иши толып тур жемиске,
Сыпаты мегзер бейишке,
Бағларыңның, Қулен болыс.

Нала шегип турар қушлар,
Дуға қылар көп дәрўишлер,
Шул сыпатта йазыў-қышлар,
Қуда берген, Қулен болыс.

Иззетлерсең алым келсе,
Ҳәзиң болмас надан десе,
Алтын шәйнек, гүмис кесе,
Жез самаўрын, Қулен болыс.

Мүўэззиниң айтар азанын,
Жайысаң молла, хожаның,
Тәрк болмас шүлен қазаның,
Күнделикли, Қулен болыс.

Қазы келер, жоқдур саны,
Үйиң болыс, бийдиң кәни,
Ақыл болсаң, аштан таны,
Болма ғапыл, Қулен болыс.

Бедеў минген дағдан асар,
Дәрья киби толып-тасар,
Хызыр көрген узақ жасар,
Өмириң узақ, Қулен болыс.

Дәўлетиң зият пайтахтан,
Аржағы менен бержақтан,
Алты уруў қарақалпақтан,
Мийман келер, Қулен болыс.

Жәнибекке ўәзир болып,
Хан алдында хызмет қылып,
Ҳәр сөзине мың теңге алып,
Жийренше өткен, Қулен болыс.

Сахра халқы жабанында,
Муйтен-қоңырат елатында,
Айдос бийдиң заманында,
Күнхожа өтти, Қулен болыс.

Көриң бул заманның түрин,
Болып тур халыққа бир қырын,
Бердимурат дер, бизден бурын,
Әжинияз өтти, Қулен болыс.

Нан орнына қанға тойып,
Өликти гүдилеп қойып,
Ҳәр мезгилге адам сойып,
Зуҳақ өткен, Қулен болыс.

Ишпей-жемей малды жыйнап,
Көрмей бир күн мийман сыйлап,
Отыз дүркин малды айдап,
Қарун өткен, Қулен болыс.

Көп ишинде жүзиң жарқын,
Бул сөзимниң аңла парқын,
Қызылбастың шаўып халқын,
Гөруғлы өткен, Қулен болыс.

Мәдийнада Муҳаммед,
Түркистанда Хожа Ахмед,
Келтирип таат-ибадат,
Булар да өтти, Қулен болыс.

Бақ-дәўләтиң болсын абат,
Шекер шайнап, жедиң набат,
Заманыңда Бердимурат,
Биз ҳәм өтермиз, Қулен болыс.

Бәршени жаратқан бәрҳақ,
Басқа дәўлет, бизге бер бақ,
Қарғабайдың улы Бердақ,
Тәрип еткен Қулен болыс.

Айтқанлары унап көпке,
Сөйлегени кетпей текке,
Бизден бурын ертеректе,
Физулий өткен, Қулен болыс.

Күнхожаны көрди көзим,
Еситтим Әжинияз сөзин,
Мақтымқулы, Наўайы изин,
Мен басарман, Қулен болыс.

Кимлер минер алтын тахтқа,
Кимселер жетер бахытқа,
Билмем, алдағы ўақытта,
Кимлер өтер, Қулен болыс.

Расулге үммет, ҳаққа қулман,
Бир Алланың исин билмен,
Жабанда өскен бүлбүл-ем,
Ўақтым өтти, Қулен болыс.

Жасым қырқта, жылым тышқан,
Тилим жүйрик ушқан қустан,
Сөз қуйылар тумлы-тустан,
Қыяллансам, Қулен болыс.

Усы быйыл кирдим қырққа,
Қырққа кирип, турдым нырққа,
Алты урыӷ қарақалпаққа,
Атым мәлим, Қулен болыс.

Саған айтар гәпим солдур,
Сөйлей берсем, сөзим молдур,
Мәканжайым – Батпаққөлдур,
Керек болсам, Қулен болыс.

Әўўел шайхы Ҳәбибулла,
Алла яр бол, пирим қолла,
Бердимурат дер, иншаалла,
Жайың жәннет, Қулен болыс.

## БЕРДАҚ ШАЙЫР ҲӘМ ҚУЛЕН БОЛЫС

Бердақ шайыр Қулен болыс пенен заманлас болып жасаған. Оның 1827-жылы туўылып, 1900-жылы 73 жасында қайтыс болғаны бизге бурыннан белгили. Екеўиниң арасында он жаслар шамасында ғана парық болған.

Бирақ, Бердақтың «Қулен болыс» атлы қосығын оқып отырып, «Ҳаў, Бердақ сонда қашан туўылған болады?» деген саўал өз-өзинен пайда болады. Егер жоқарыда қосықты онша елестирмей оқыған болсаңыз, сол саўал келтирип шығаратуғын еки куплетти қайта дыққатыңызға усынамыз.

Жасым қырқта, жылым тышқан,
Тилим жүйрик ушқыр қустан,
Сөз қуйылар тумлы-тустан,
Қыялласам, Қулен болыс.

Усы быйыл кирдим қырққа,
Қырққа кирип, турдым нырыққа,
Алты уруғ қарақалпаққа,
Атым мәлим, Қулен болыс.

Енди Қулен болыстың болыслық дәўирин еслейик. Ол 1880-жылы Таллық болыслығына болыс болып сайланады. Егер Бердақ қосықты усы жылы жазған болса, онда оның туўылған жылы 1840-жылға туўра

келеди. Тағы бир жағдай, Қулен болыс Бердақ шайыр тәрийиплегендей бағ-дәўлетке ийе болып, 48 бөлмели жай салыўға болыслық лаўазымға ийе болыўдан ерис-пеген шығар. Олай болса, қосық еле де беррегиректе жазылған болып шығады.

Егер шайырдың 1827-жылы туўылғанын есапқа алсақ, онда ол қосық 1867-жылы жазылған болады. Бул дәўирде Хийўа ханлығы өз салтанатында, патша Россиясы ләшкерлери еле Орта Азияға жүристи баслаған да жоқ еди. Болыслық дүзим болса, 1873-жылдан кейин енгизилген.

Бердақтың өмирбаянын жазарда бул қосық қалайынша елестирилмеген ямаса усы күнге шекем неге әдебиятшылар кеўил бөлмеген? Буған қосықтың кең жәмийетшиликке толық мәлим болмағанлығы да себепши болған болыўы мүмкин. Себеби, «Қулен болыс» қосығы Бердақтың 1941 – ҳәм 1950-жылғы таңламалы шығармаларына киргизилген де, соң байларды тәрийиплегени ушын «демократ шайыр»дың атына нуқсан келтирмеў мақсетинде алып тасланған. Ал, әдебиятшы алым И. Сағитов болса өзиниң «Саҳра бүлбили» монографиясында (*«Саҳра бүлбили» Нөкис, 1974. 140–141, 270-бетлер*) «Бердақ бул поэманы өзи қартайған ўақытта семьясы материаллық жақтан аўыр аўҳалға түскен жағдайда байлығы мол Қулен болыстан материаллық жәрдем алыў мақсетинде жазған болыў керек. Бирақ, Қулен болыс шайырдың күткен үмитин ақламаған, оған жәрдем бермеген...», – деп жазғанлығын әдебиятшы алым Қырқбай Байниязов өзиниң «Тағы да Бердақтың «Қулен болыс» поэмасы ҳаққында (*«Еркин Қарақалпақстан» газетасында жәрияланған мақаласының қол жазбасынан*) мақаласында келтирип өтеди.

Мине, жəне де Бердақтың туўылған жылы ҳаққындағы пикирлердиң шəлкем-шалысслығына дус келип отырмыз. Бердақ «Жасым қырқта, жылым тышқан» деп отырса, қалайынша ол қырқ жасында қартаяды. Оның үстине «Қулен болыс шайырға жəрдем бермеген» деген пикирине де исене алмаймыз. Тарийхый дəреклерде оның аса сақыйлығы, ҳəтте Қулен болыстың даңқын еситип, оны өз көзи менен көриў ушын Қазалыдан келген қазақ бийи Жетести жақсы күтип алып сыйлап, өзине ҳəм жигитлерине бир-бирден жорға мингизип қайтарғаны жазылған. Сөйткен адам Бердақтың бул мийнетине көз жумып қарай ма? Мүмкин оған сарпай жапқан шығар, ат миндирген шығар, бунын неси айып?! Халқымыздың дəстүринде ел ағалары бундай хызмет еткен адамларды сарпайлап, ат мингизип жибериўи айып саналмаған, керисинше мақтаныш тутылған. «Қулен болыс»тай жетик жазылған қосық аңсатлық пенен дөрей бермейди де!

Қулласы, бизиң мақсетимиз оның сыйлықланған ямаса сыйлықланбағанын анықлаўда емес, Бердақтың анық туўылған жылын белгилеў ямаса сол еки куплеттиң жыйнаўшылар тəрепинен қосып жиберилгени яки болмаса жиберилмегенин анықлаўға əдебиятшы алым ҳəм тарийхшылардың дыққатын аўдармақшымыз.

Шығыс календары бойынша жыл қайтарып есаплап көрсек, тышқан жылы Бердақ туўылған заманларда 1816, 1828, 1840-жылларға туўра келеди екен. Демек, бул көрсетилген үш сəне де шайырдың туўылған жылына сəйкес келмейди. Бердақтың бул қосықты қырқ жасында жазыўы мүмкин емеслигине тийкар болатуғын жəне бир аңыз-əпсана бар.

Қарақум ийшан мешит-медиресе имаратын салып атырған пайытында Бердақ шайыр былай өтип, былай өтсе де, қайрылмай кете береди. Сонда Қарақум ийшан:

– Бердақжан, мен мешит салып атырман, сиз неге қайрылмайсыз? – деп сорайды.

– Уллы ҳәзиретлери, еки нәрсе мениң аяғыма тусаў болып тур, биринши си – кәмбағаллық, екинши си – ғаррылық, – деп жуўап берген екен.

Қарақум ийшанның әўладларының болжаўы бойынша ол 1878-жыллары қайтыс болған. Егер мешит жетписинши жыллары салынып атырған болса, Бердақ бул дәўирде еле елиў жасқа да толмаған болады.

Усы жерде өзимниң жеке пикиримди де дыққатыңызға усынбақшыман: «Жылым тышқан, жасым қырқта», – деп басланып жазылған еки куплет, Бердақтың стилине еки тамшы суўдай уқсас болса да, олар фольклор жыйнаўшылар тәрепинен жазылған болыўы итимал. Усы еки куплет алып тасланса «Қулен болыс» қосығында ҳеш қандай гүман туўдырыўшы пикирлер қалмайды.

Бердақ шығыс календары бойынша «Қара кийик», яғный, 1827-жылы туўылғанын ҳақыйқат деп қабыл етиўимиз керек.

Ол өзиниң жасы қырқта емеслигин усы қосықтың өзинде-ақ дәлиллеп қойыпты.

Жасым улғайды, сорамаң,
Кем-кем қартайып бараман,
Не гүжимлер, не қараман,
Сенде көрдим Қулен болыс.

Ҳеш ким қырқ жасында «кем-кем қартайып бараман» деп айтпайды.

Ал, Бердақ пенен Қарақум ийшан арасындағы аңыз-әңгимеге келсек, совет дәўиринде Қарақум ийшанды мазақлаўшы қанша аңызлар дөремеди дейсиз. Сол сыяқлы Бердақты да «мешитти кеўли сүймейтуғын, демократ шайыр» етип тәрийиплеў ушын мешиттиң қасынан ҳармасын айтпастан өтип кететуғын атеистке айландырған болыўы керек. Қарақалпақтың дәстүринде жай салып атырғанларға ҳармасын айтпай, жас болса, бир писирим ылай атпай, кексе болса бир заман ылай басқыламай өтиў адамгершиликке жат саналады. Буны Бердақ билмеўи мүмкин емес.

Егер усы еки дәректи (*еки куплет қосық ҳәм кейинги аңыз*) алдағы ўақыттағы басылымлардан алып тасласақ, оқыўшыларда алжасық пикирлер пайда болыўдың алды алынады.

Қулласы, тарийхта тасқа басып жазып қалдырылмаған сәнелерди анықлаў қыйын. Солай болса да, Бердақтың өмирбаянын аңыз-әңгимелерге, оның өзи жазған қосықлардағы дәреклерге сүйене отырып, усы күнге шекем үйренилип келген Бердақтаныў илимине сезилерли дәрежеде зыян тийгизип алмай, қайта көрип шығыў керек болады деп ойлайман.

**МУРАТБАЙ НЫЗАНОВ**

***Қарақалпақстан халық жазыўшысы***

# БЕРДАҚ

## ҚУЛЕН БОЛЫС

«Билим» баспасы
Нөкис – 2021

Редакторы *З. Осербаева*
Операторы *А. Бегдуллаева*

**Лицензия: AI №108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Басыўға руқсат етилген ўақыт 16. 08. 2021-жыл. Форматы 84×108 $^1/_{32}$. «Times New Roman» гарнитурасы. Офсет баспа қағазы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 1,0 б.т. 1,5 есап б.т. 1,68 шәртли б.т Нусқасы 200 дана. Баҳасы шәртнама бойынша. Буйыртпа №9.

Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасы. «Билим» баспасы, 230103. Нөкис қаласы, Ислам Каримов гүзары, 111-жай.

**Электрон мәнзил: bilim.baspa@bk.ru**

«Билим» баспасында басып шығарылды.

ISBN 978-9943-4464-6-5
9 789943 446465

«БИЛИМ»